


## Kisa vyolans sou fanm ye?



“Vyolans sou fanm se tout zak, tout konpòtman ki fèt sou baz kondisyon sosyete a mete fanm. Zak sa yo ka lakòz lanmò fanm nan, fè l sou fri nan kò l, nan lespri l, zak sa yo ka fèt nan lavi prive oubyen piblik”

### zak Vyolans sou fanm?

Pa gen okenn rezon pou moun fè vyolans sou fanm men vyolans sou fanm pran rasin li nan fason sosyete a kreye relasyon debalanse ant fanm ak gason.

Sosyete a mete fanm nan yon pozisyon kote se gason ki dominan, li pa wè fanm ak gason kòm 2 moun ki dwe gen menm chans pou yo jwi dwa yo.

Diferans sosyete a kreye ant fanm nan divizyon travay, nan relasyon pouywa sitite vyolans sou fanm. Ansanm lide negatif sa yo kontinye transmèt dapre sa ti fi ak ti gason ap aprann nan fanmi, lekòl, legliz, medya. Transmisyon lide negatif sa yo dwe chanje pou sosyete kote fanm ak gason egalego.

## Diferan fòm vyolans fanm sibi:

**Vyolans fizik:** se kò fanm nan ki sibi l

Ekz: kalòt, kout pwen, kout pye, kout baton...

**Vyolans seksyèl:** se toujou nan kò fanm nan men li gen rapò dirèk ak ògan seksyèl yo. Se tout zak seksyèl ki fèt ak vyolans sou viktim nan san li pa dako.

Ekzanp: kadejak oubyen tantativ kadejak...

**Vyolans vèbal:** tout vye pawòl, jouman ou ka di fanm lan pou imilye l.

**Vyolans sikolojik:** tout vye jes, imilyasyon, jouman ki deranje fanm nan nan lespri l.

**Vyolans ekonomik:** lè w anpeche fanm nan itilize lajan l oubyen lajan fanmi an pasko ou gen pwoblèm avè l.

### Ki kalite fanm ki viktim vyolans:

Nenpòt ki fanm ka viktim vyolans, agrese yo pa fè diferans ant fanm lavil, fanm nan mòn, fanm entèlekyèl fanm ki pa janm al lekòl, sa k gen lajan sa k pa gen lajan men, pa gen okenn rezon pou fanm sibi vyolans.

### Ki moun ki fè vyolans sou fanm?

Moun ou konnen( menay, patnè, mari, moun nan vwazinaj, nan travay...) moun ou pa konnen( vòlè, gwoup ame...) reprezantan otorite yo tou tankou pèl pastè/pwofesè/lame/lapolis

### Ki konsekans vyolans sou fanm genyen?

Vyolans sou fanm gen gwo konsekans sou sante fanm lan, timoun yo, fanmi an, espas travay fanm nan. Vyolans sou fanm se yon krim, li ka lakòz lanmò fanm sa. Li anpeche fanm nan evolye byen nan sosyete a, sa fè li gen konsekans negatif tou sou ekonomi peyi a.

## Kèk aksyon nan sa ki dwe fèt pou kwape vyolans sou fanm?


Pou kwape vyolans sou fanm ak ti fi tout sosyete dwe mobilize pou:

- Fè kanpay sansibilizasyon pou derasin-nen tout vye lide sosyete a konstwi pou devalorize fanm.
- Leta dwe pran bonjan mezi pou bay yon edikasyon non seksis nan lekòl, legliz, medya ak nan fanmi.
- Sosyete a dwe òganize yon fason pou fanm ak gason gen menm posibilite pou jwi dwa yo epi menm chans pou yo evolye nan sosyete a.
- Tout sitwayen fanm kou gason pa dwe fè silans devan zak vyolans.
- Mete kou sou pwoblematik fanm ak gason andedan lekòl yo, nan inivèsite ak nan akademi polis.
- Pran mezi pou ankouraje fanm yo patisipe nan pòs desizyon yo.

An n Koupe fache ak silans pou n kwape vyolans sou fanm!!!

*Remplacés par un mariage ridiculement aux bènes*  
*ce que est les leuans par à leur niveau*  
*en exple*

Ou viktim vyolans?  
Fè 3 pa avan 3 jou  
oubyen 72 èd tan



**Kouri lopital,  
pran medi-  
kaman,  
reklame  
sètifika w.**



Ale nan  
òganizasyon  
fann oubyen  
dwa moun  
pou yo ede  
w nan

desizyon y ap pran



Rive lajistis  
pou pous-  
wiv agresè  
w la.

*Pran  
avek se  
kont. lèt  
pou lèt  
pou lèt  
Gade Sid*

### Kèk kote nan depatman sid w ap jwenn sèvis lè w viktim:

- Groupe d'Appui au Développement du Sud (GADES), 109, Ave Cartagena (deux mapoux) Aux Cayes
- Antènn GADES ki nan diferan konnin yo
- Biwo depatmanal Ministè kondisyon fann ak dwa fann, kompleks administratif Okay, rue Generale Borgela
- Brigad Pwoteksyon Minè (BPM) Komisarya lapolis Okay
- Seksyon "genre" lapolis Okay



Groupe d'Appui au Développement du Sud


109, ave Cartagena (deux Mapoux)  
Les Cayes, département sud /Haiti

Phone: (509) 3701 71 36/ 2940 7136

E-mail: gadesorg@yahoo.fr

Gwoup Apwi pou  
Deveopman Sid (GADES)

**An n koupe  
fache ak silans  
pou n kwape  
vyolans sou  
fann**



109, ave Cartagena (deux Mapoux)  
Les Cayes, département sud /Haiti  
Tel.: (509) 37017136/ 2940 7136